REZYUME. Мазкур мақолада глобаллашув жараёнларида педагогика фанининг бугунги кундаги ҳолати таҳлил қилинди. Шунингдек, компетенцияга асосланган таълим, инклюзив таълим, рақамли педагигиканинг замонавий жиҳатларининг мазмун-моҳияти очиб берилди.

РЕЗЮМЕ. В данной статье проанализировано современное состояние педагогики в процессе глобализации. Также раскрыта сущность современных аспектов компетентностного образования, инклюзивного образования, цифровой педагогики.

SUMMARY. This article analyzes the current state of pedagogy in the process of globalization. It also reveals the essence of modern aspects of competency-based education, inclusive education, and digital pedagogy.

ДИНИЙ ТЕРМИНЛЕРДИҢ ҚАРАҚАЛПАҚ АЎЫЗЕКИ ӘДЕБИЯТЫНДА ҚОЛЛАНЫЎЫ

Ж.Шаниязов – *оқыў ислери бойынша директор орынбасары,*
филология илимлери кандидаты, доцент
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы

Таянч сўзлар: урф-одат қўшиқлари, бадик, порхон, фольклор, вариант,
Ключевые слова: традиционные песни, бадик, порхон, фольклор, вариант.
Key words: traditional songs, badik, porxon, folklore, variant.

Ҳәр қандай елдиң мәдений тарийхы сол елдиң салт-дәстүр жырларына болған қатнасы арқалы белгиленеди. Дәстүр қосықларында ҳәр бир халықтың этнографиялық өзгешеликлери айқын сақланады, яғный елдиң дәстүр қосықларының өзи оның тарийхында қандай болғанлығын ҳәм қандай еллер менен қарым-қатнаста жабайыласқанлығын көрсетеди. [1.158] Салт-дәстүр жырлары түрли дәўирлерде, ел арасында түрли дин, тарийхий жағдайлар үстемлик еткен дәўирлерде пайда болған. Соның ушын да салт-дәстүр қосықлары ҳәр бир халықтың өмир тәғдири, жасаған жағдайы, тарийхий, дәўири, географиялық орталығы менен сабақлас болған халық өмириниң көп жыллық мәдений мийрасларының бири. Бундай тарийхый ўақыялар, әсиресе үстемлик еткен дәўирлерде пайда болған. Соның ушын да салт-дәстүр қосықлары ҳәр бир халықтың өмир тәғдири, жасаған жағдайы, тарийхый дәўири, географиялық орталығы менен сабақлас болған халық өмириниң көп жыллық мәдений мийрасларының бири. Бундай тарийхий ўақыялар, әсиресе үстемлик еткен динлер халық салт-дәстүр жырларында өз излерин қалдырады.

Қарақалпақ халқы арасында да отқа сыйыныў, зикир салыў, әрўақ шақырыў, адам аўырғанда ҳәр түрли затлар менен «қағыў» сыяқлы шаман дининен қалған айырым дәстүрлер бар болып, солардың бири бәдик пенен гүлапсан болып есапланады. Адамлар поэзияның күши менен денесине бәдик жорасы (суў шешек Ж.Ш.) шыққан баланың жорасына, бәдин жырын жырлағанда, аўырған баланы күн батардың олдинда ортаға жатқарып қойып жамаат болып қосық айтқан. Бул бәдик жырларында бурынғы адамлардың отқа табыныўшылық дәўирин көриўге болады, [2.26] яғный зоростризм динине тийисли болған элементлерди ушыратыўға болады:

Бәдик ала,
Бәдикти көширегөр Аллатаала,
Бәдикти көширмесең Аллатаала,
Кейниңнен жиберемен отлы шала

Бәдик тийкарынан адамлардың терисиниң сыртына шығатуғын жара яки сол аўрыўларды келтириўши жаман әрўақлардың аты болыўы мүмкин. Себеби төмендеги мысалда бәдинги әжели жеткенге жуктырыў яки саған көшириў ушын айтылғанлығын көриўге болады:

Хаў бәдик, көшер болсан бийлерге көш,
Қасын қағып қабағын сүзгенге көш,
Буннан жайлаўтаппасаң мен айтайын,
Бул дүньядан гүдерин үзгенге көш.

Бәдик дәстүри жырының бир түри «гүлапсан» болып аталған. Гүлапсанда түри, мазмуны ҳәм айтылыўы жағынан бәдикке әдеўир уқсас болып келеди, яғный гүлапсан да бәдик сыяқлы салт-жыры болып, аўрыўды ямаса жаман арўақларды қуўыўяки шығарыўушын айтылады.

Гүл-гүлапсан, гүл емес пе?
Пошша торғай шеңгелге түнемес пе?
Бес алты аўыз гүлапсан айта қойсақ,
Жымыйып аяқ уштан жөнемес пе?

Бул бәдик ҳәм гүлапсан салт-жырлары менен бирге арўақ шақырыў жырларын да

көриўге болады. Әрўақ шақырыў жыры туўралы профессор, Қ. Айымбетов: Адамлардың ерте замандағы түсинигинше сөз тили менен түрли қорқынышлы хайўанлар, жин шақырыў арқалы тәбият стихиясын, аўырыўды жеңиў, емлеў ушын түрли ҳәрекетлер етип поэтикалық сөз жырлап дөреткен. Бул хаққындағы профессионал адамлар, олар түрли халықта ҳәр түрли болып аталады. Илимий тиллерде шаман, знахарь болып аталады, ал қазақша-бақсы, ал өзбеклер перихан яғный перилердиң ханы, қарақалпақлар порхан, деп айтады, порханлардың ҳәрекетин «зикир» деп атайды. Порханлар өзиниң зикир сасыў ҳәрекетлерин баслар алдында қобыз шертип, жыр-жырлайды, оны жин-әрўақ шақырыў деп атайды [3.27] деп көрсетеди. Негизинен порхан термини тилимизге парсы-тәжик тиллеринен кирип, «пери», ҳәм «оқыў» деп аўдарылады. Порхан-аўрыўларды ырым әмеллери менен емлеўге урыныўшы тилсимши. Порханлар аурыўды жин, албаслы, пери ҳ.т.б. фантастик жаратылыслардың тәсири деп есаплаған. Демек порханлардың ем қағыўы перилер менен де байланыслы болған. Төмендеги мысалда порханлардың зикир салған ўақытлары әрўақларын шақырып айтатуғын қосық қатарларында пери терминин көриўге болады.

Қәлли көлде мәкан еткен көп пери,
Көп периниң ишиндеги көп пери,
Келгенлердиң кеўлиндегини таўып бер,
Көп периниң қолындағы кептери.

Негизинен порханлардың келип шығыўы тийкарынан шаман динине байланыслы болып олардың ислам дини идеологиясына, әсиресе суфизмге кирип келип, соң ҳәммеси биригип бирдин, мусылман динине бириккен. (Бундай ески мийрас қалдықлары халықлардың ерте дәўирлердеги салт турмысын аңлап алыуымыз ушын зәрүр болып есапланады).

Сондай-ақ тиккелей ислам дини тәсиринде пайда болған жырлардың бири ярамазан болып есапланады. Белгили илимпаз К.Мәмбетов бул хаққында өз мийнетинде: «Ҳәр бир дәўир өзине тән салт-дәстүр айтысларын пайда еткен. Усының нәтийжесинде ерте дәўирлерде ислам динине сәйкес айырым қосықлар пайда болған.

Бул қосықлар тийкарынан мусылманлар байрамы қурбан хайт ҳүрметлерине, мусылманшылықтың шәртин нәсиятларлаўға, пайғамбарларды мақтаўға бағышланған. Бул жырлар көбинше рамазан айында айтылатуғын болғаны ушын да ярамазан деп айтылып келген» деп жазады. [4.165] Демек, ярамазан жыры дәслеп динди нәсиятлаў, пайғамбарларды тәриплеў ҳәм т.б диний түсиникте болған:

Бурынғы пайғамбарларым кели жанған,
Кемесин тышқан тесип суўға толған,
Бир жылан үш бүкленип тығып болған
Мухаммед үмметине ярамазан.

Соң ала бул ярамаз қосықларының қосықларының мәнилери өзгерип, ондағы сюжетлер адамлар турмысы менен байланыстырылып, соля рамазан айтып барған аўылын, яки сол шаңарақ ағзаларын тәриплейтуғын болған.

Мынаў үйдиң ергенеш шапшақ ғана,
Үйинде бир женгем бар аппақ ғана,
Маған орамал түйипти сақлап ғана,
Мухаммед үмметине ярамазан.

Негизинен ярамазан термини тилимизге араб тилиндеги рамазан (ҳижрий жин есабынан 8-ши айы) ҳәм йа қаратпа (йа-рамазан) сөзлериниң қосындысы болып, «эй рамазан», ямаса «рамазан» деп аўдарылып, тилимизге оның фонетикалық өзгериске ушыраған формасы ярамазан халында кирген. Ярамазан ораза айының басында, ортасында ҳәм ақырында айтылатуғын болған.

Солай етип бундай мийрас қалдықларын изертлеў, халқымыздың сай-турмысын оңлап алыўымыз ҳәм оларың бурын қандай динлерге исенгенлигин билип алыўмыз ушын зәрүр болып есапланады.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Мәмбетов Қ. Қарақалпақлардың этнографиялық тарийхы. «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис 1995.
2. Айымбетов Қ. Қарақалпақ фольклоры. «Қарақалпақстан» баспасы. Н. 1977.

РЕЗЮМЕ. Урф-одат қўшиқларининг келиб чиқиши ва тарихий манбалари ўрганилди. Урф-одат қўшиқлари ҳар бир халқнинг ҳаёт тақдири, яшаган шароити, тарихий даври, географик муҳити билан боғлиқ бўлган халқ ҳаётининг кўп йиллик маданий меросларидан биридир.

РЕЗЮМЕ. Происхождение и исторические источники традиционных песен были изучены. Песни обрядов и традиций являются одним из многолетних культурных наследий народа, связанных с его судьбой, условиями жизни, историческим периодом и географической средой.

SUMMARY. The origins and historical sources of traditional songs were studied. Traditional songs are one of the long-standing cultural heritage of a people connected to their life, circumstances, historical period, and geographical environment.

ОРХОН-ЕНИСЕЙ ЖАЗБА ЕСТЕЛИКЛЕРИ ЛЕКСИКАЛЫҚ ҚУРАМЫНДА ДИНИЙ ТЕРМИНЛЕРДИҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎЫ

Ж.Шаниязов – *оқыў ислери бойынша директор орынбасары,*
филология илимлери кандидаты, доцент
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы

Таянч сўзлар: туркий тиллар, лексика, сўзлар, ривожланиш тарихи, оғзаки нутқ, терминлар.
Ключевые слова:. тюркские языки, лексика, слова, история развития, устная речь, термины.
Key words:. turkic languages, lexicon, words, history of development, oral speech, terms.

Ҳәр қандай тилдиң сөзлик қурамының тийкары сол тилдиң ийеси болған халық тарийхының жанлы дереги болып, сол халықтың өзиниң пайда болыў, қәлиплесиў, раўажланыў тарийхы менен ажыралмас байланыста раўажланады ҳәм сол халықтың ҳәм миллий өзгешеликлерин өзинде сәўлелендиреди.

Қарақалпақ тилиниң өз сөзлик қатламының негизин улыўма түркий тиллерине ортақ сөзлер қурайды. Ал түркий тиллериниң сөзлик қурамы олардың аўызеки сөйлеў түринде ҳәм ең әййемги жазба дереклеринде сақланғанын көремиз.Бизиң дәўиримизде келип жеткен Орхон-Енисей естеликлерин дыққат пенен оқып қарағанымызда тилимиздиң олик қурамының сол дәўирде негизи салынғанын көриўге болады. Улыўма алғанда, Орхон-Енисей жазба естеликлер тилиниң қурамы адам атлары, лақабы, әмелин, топонимикалық атамаларды адамлардың туўысқанлық қатнасларын, диний мәнилерди билдиретуғын сөзлерден ибарат. Биз булардан диний мәни аңлататуғын сөзлер ҳаққында сөз етпекшимиз.

Сөзлик қурамның бир бөлеги есапланған жәмийетлик турмыстың белгили тараўына тийисли қәлиплескен терминлер, солардың бири диний терминлер, қарақалпақ тилинде басқа түркий тиллер тарийхы менен тығыз байланыста пайда болғанлығын ҳәм раўажланғанын көриўге болады.

Бизлердиң ата-бабаларымыз дәслеп тәбият бөлеклерине сыйынып келген. Бул туўралы қазақ алымы Ш.Ўәлийханов «Ай қырғызлардың Қудайы болған, қырғызлар таза ойды көргенинде оған қарай ийелейди» [1.370] деп жазады.

Әлбетте, бул дәстүр қарақалпақларғада тийисли, яғный таза ой шыққан ўақтында үш рет «таза айға, таза күнге жеткергенге қуллық» деп ийиледи. Бул өткен дәўирлерде ата-бабаларымыздан қалған дәстүр ҳәм кейин ала мағлыўматларды ески түркий жазба естеликлерин де көриўге болады:

A: tāñri kūnin saj: tanrikā nomqa aruğ dintalarqa sujumuzny jazuqumuzny vosuju ōtūnmak karğan arti.

Қудай ҳәм диндарлар алдында қылған гүна ҳәм ойынларымыздан қутылыў ушын Ай Қудайы күни тәўбеге келиў керек еди.

Демек бул мысалда ойды «Қудай» санап оған орнаған бир күни яғный таза айдың шыққан күни, қылған гүналарынан тәўбеге келип, кеширим сорайтуғынлығын айтып тур.

Араб сөзлериниң кириўи ҳәм өзлесиўине алып келди. Ал араб тилиниң түркий тиллерине кириўи ҳәм сиңиўи ушын тийкарғы себеп болған жағдай төмендегише еди:

Бириншиден, араб тили сол дәўир тәлим тили еди ҳәм медреселер салынып онда тәлим ислери алып барылды;

Екиншиден, жергиликли ҳалыққа ислам динин енгизиўде мәжбүрий ҳәм материаллық жәрдем бериў усылларында пайдаланылды, яғный, араблар ислам динин қабыл қылған адамларға ҳәр қыйлы материаллық, сиясий жеңилликлер берди. Олар салықлардан азат қылынды, жума намазаға барғанларға ҳәр қыйлы сыйлықлар береди. Нәтийжеде ислам дини жергиликли халықлар арасында сиңди ҳәм бул халықлардың тийкарғы диний исенимине ойланды. Солай етип ислам дини менен бирге араб тили де ен жайыла баслады.

Тилге басқа бир тилдиң сөзлери туўрыдан-туўры яки екинши бир тил арқалы аўысады. Ал, қарақалпақ тилине араб өзлестирмелери болса араблар менен болған тиккелей байланыс арқалы емес ал қонсылас түркйи тиллери арқалы атап айтқанда өзбек тили